

Sekirite ak Moustik

Prevansyon pou Moustik pa Mòde w

Sous: Komisyon Sante Piblik Boston (Boston Public Health Commission, BPHC)

Yo te leve nivo Viris Nil Oksidantal la soti nan fèb rive nan mwayen nan Vil Boston. Li Kesyon/Repons sa a pou aprann kijan pou pwoteje tèt ou akòz maladi moustik bay.

Ki maladi moustik yo konn pwopaje? Moustik nan Boston kapab simaye Viris Nil Oksidantal (West Nile Virus, WNV) la ak Ansefalit Ekin de Lès (Eastern Equine Encephalitis, EEE). Moun kapab enfekte ak WNV oswa ak EEE lè yon moustik ki enfekte mòde yo. Moustik yo pran maladi sa yo lè yo mòde zwezo ki enfekte, men moun pa kapab pran WNV ni EEE nan men zwezo yo. Pifò moun moustik enfekte mòde yo pa gen okenn sentòm oubyen sentòm ki lejè, men sèten moun kapab vn gen maladi grav.

Èske moun nan Boston kapab malad akòz moustik? Yo jwenn WNV nan moustik nan Boston chak ane depi 2000 epi sa te lakòz gen moun ki te vin trè malad. Yo jwenn EEE detanzantan nan moustik Boston yo. Sa pa konn rie souvan ditou pou yo detekte ka maladi EEE kay moun nan Boston, men sa ka rive.

Èske mwen gen risk pou m malad? Moustik nan Boston pi aktif epi gen plis chans pou transmèt maladi apatide de mwa jiyè rive nan mwa septanm, men yo kapab simaye maladi jiska premye fwa atè a jele (fen novanm menm). Moun ki gen plis pase 50tan gen plis risk pou geb yon

maladi grav si yo enfekte ak WNV. EEE kapab lakòz maladi grav nan nenpòt gwoup laj.

Kisa mwen ta dwe fè si yon moustik mòde mwen? Ni WNV ak ni EEE se maladi ki ra, epi pa gen anpil chans pou w malad akòz yon moustik mòde w. Sepandan, ou ta dwe kontakte doktè w touswit si ou gen lafyèv, konfizyon, gwo maltèt, kou ki rèd oubyen si zye w vin sansib pou limyè.

Kijan mwen kapab anpeche pran maladi moustik simaye? Si ou deyò lakay ou depi lè solèy la leve jiska lè solèy la kouche oubyen ou nan zòn ki gen moustik, konsidere chwa sa yo pou anpeche moustik mòde w:

- Itilize espre pou pouse moustik EPA apwouve chak fwa ou deyò lakay ou
- Mete pantalon lon, mayo manch long ak chosèt pu redwi kantite po w ki ekspozè lè w deyò
- Repare ekran ki chire pou kenbe moustik yo deyò
- Retire dlo ki p ap bouje toutotou kay la pou anpeche moustik yo repwodui

Si ou bezwen plis enfòmasyon, al gade nan bphc.org.